

Anba la w ap jwenn enstriksyon pou w swiv pou ranpli Aplikasyon pou Reyachte Kay Volontè nan kad Pwogram Rekonstwi Florid la

1. **Paj Kouvèti.** Antre Non Aplikan an, Konte aplikab la, ak Rejyon an (Konsèy Gouvènman yo oswa Komisyón Planifikasyon Rejyonal la)
 2. **Enfòmasyon sou Gouvènman Lokal la** Ranpli fòmilè sa a konplèman nèt.
 3. **Aplikasyon pou Asistans Federal.** Tout aplikan yo dwe vini ak yon Aplikasyon pou Asistans Federal SF-424, Nimewo OMB: 4040-0004, Dat Ekspirasyon: 31/10/2019 yo ranpli ak siyen. SF424_2_1-V2.1 Lè yo ranpli, siyen ak soumèt SF-424 la ansam avèk aplikasyon an, chak aplikan k ap aplike pou finansman CDBG-DR ap bay sètifikasyon lokal yo ki endike ke yo te swiv gid aplikasyon an pandan preparasyon nenpòt aplikasyon pou pwogram CDBG-DR a, epi yo pral kontinye swiv yo nan ka yo ta resevwa finansman.
- "Atansyon: Nenpòt moun ki konnen yo fè fo reklamasyon oswa fo deklarasyon bay HUD gendwa sijè a sanksyon sivil oswa kriminèl daprè 18 U.S.C. 287, 1001 ak 31 U.S.C. 3729."*
4. **Entwodiksyon ak Enstriksyon yo.** Jan yo te idantifye nan ENSTRIKSYON YO, aplikan yo dwe bay dokiman ki annapre yo anplis de aplikasyon SF-424 la ke yo te deja presize a.
 - Yon Aplikasyon pou Lojman yo ranpli.
 - Verifikasiyon: Si aplikab, Verifikasiyon Inik ki pi resan konfòmeman ak 2CFR Pati 200, Egzijans Administrasyon Inifòm yo, Prensip Depans yo, ak Egzijans Verifikasiyon pou Prim Federal yo. Anplwaye pwogram Rekonstwi Florid la yo pral revize egzijans verifikasiyon inik lan pou sou-benefisyè aplikab yo, ki gen kontra ouvè ak DEO yo.
 - DEKLARASYON FINANSYE ANYÈL YO: Bay deklarasyon finansye ki pi resan yo prepare konfòmeman ak 2 CFR 200.510. Mete yon lis depans ak lis konstatasyon yo ak depans mizankoz yo.
 - ANPLWAYE KLE YO: Bay non ak enfòmasyon kontak anplwaye ki pral responsab pou fè sipèvizon aplikasyon an onivo lokal, kontra potansyèl la, ak tout egzijans aplikab yo.
 - Bay PWOSEDI AK POLITIK SOU ACHA LOKAL YO ansam ak lòt dokiman obligatwa yo.
 5. **Patisipasyon Sitwayen.** Yo ka akòde yon sibvansyon bay yon lokalite nan kad pwogram CDBG-DR la sèlman si lokalite a sètifye ke li ap swiv yon plan patisipasyon sitwayen byen detaye ki ofri ak ankouraje patisipasyon sitwayen nan tout etap pwogram rekiperasyon aprè katastwòf la.

Li obligatwa pou aplikan CDBG-DR yo reyalize pwosedi patisipasyon sitwayen an konfòmeman ak Plan Patisipasyon Sitwayen an jan yo dekri nan Konsepsyon ak Plan pou Reyachte Kay Volontè nan kad Pwogram Rekonstwi Florid la. Chak aplikan dwe mennen omwen yon

(1)odyans publik avan yo soumèt aplikasyon an ak apre yo soumèt aplikasyon an pou yon peryòd kòmantè publik k ap dire 14 jou.

Chak aplikan dwe mentni yon dosye patisipasyon sitwayen ki gen ladan (1) yon kopi Egzijans Plan an yo, (2) pwosedi konfòmite aplikan an yo, (3) nenpòt asistans teknik aplikan te bay, ak (4) avi, publik, pwosè vèbal, ak fèy prezans yo pou nenpòt odyans publik. Yo avèti aplikan yo paske malgre pwosesis aplikasyon akselere a, yo toujou responsab pou yo asire ke tout sitwayen gen aksè egal a enfòmasyon sou aktivite pwoje a yo.

6. **Evalyasyon Bezwèn Kominotè yo.** Bay enfòmasyon sou fason katastwòf yo deklare a te afekte kominote a ak plan global yo genyen pou rekiperasyon ak rezistans. Deskripsyon an dwe idantifye katastwòf espesifik la (dat ak dire), dekri fason katastwòf la te menase sante ak sekirite nan kominote a, etablisman ki te sibi domaj yo, kondisyon aktyèl etablisman sa yo, ak detay sou fason pwojè espesifik la pral rezoud pwoblèm lan epi asire yo gen yon kominote ki pi an sekirite ak pi rezistan.

Bay repons apwofondi pou chak kesyon. Nenpòt repons yo konsidere kòm enkonplè ap gen chans pou lakoz yo voye yon avi ensifizans bay aplikan an epi bay reta nan pwosesis revizyon an.

Nan espas yo bay la, ekri lis dokiman ou bay pou sipòte kondisyon espesifik katastwòf la. Bay tout dokiman ou mete nan lis la yo. Anplis de sa, bay foto (date avèk ase detay sou lokalite espesifik la pou yo ka idantifye sit pwojè ou pwopoze a

(yo), kat jewografik, enfòmasyon sou kondisyon Meteyo Nasional la, Fich Kalkil Pwojè FEMA a, repòtaj nouvèl yo, deklarasyon lokal yo, rezime gran pwen Katastwòf la yo, oswa lòt dokiman ki ka bay evidans dega espesifik (yo) ki fèt nan pwojè yo pwopoze y ap trete nan aplikasyon sa a. Pou nenpòt foto w bay, bay yon kat jewografik k ap idantifye chak lokalite kote yo te fè foto a apati de nimewo a.

Tout aktivite yo dwe montre prèv dokiman ki montre enpak katastwòf yo deklare a te genyen. Yo dwe itilize fon CDBG-DR yo pou depans ki gen rapò ak katastwòf yo SÈLMAN.

7. **Evalyasyon Bezwèn Lojman yo.** Bay enfòmasyon konsènan kantite lojman abòdab ki disponib aktyèlman kominote a, ansanm ak efò ki te fèt nan tan pase ak efò yo planifye fè pou ogmante kantite lojman abòdab ki disponib lan. Epitou, bay posiblite kote kominote a te aplike pou epi resevwa oswa refize fon yo pou itilize pou peye pou lojman abòdab. Finalman, dekri nenpòt kòd konfòmite ak/oswa planifye ki pral redui risk danje yo.
8. **Pwomouvwa Lojman Ekitab nan Fason Favorab.** Nenpòt lokalite k ap resevwa fon CDBG-DR yo dwe sètifye ke l ap pwomouvwa lojman ekitab nan fason favorab. Itilize bwat dewoulan ki nan aplikasyon an, pou w idantifye aktivite ki deja reyalize pou pwomouvwa lojman ekitab nan fason favorab, novo aktive ki gen pou yo reyalize si yo akòde yon prim ak kilè novo aktivite sa yo pral fin konplete. Kominote yo dwe konnen ke, nan ka yo ta resevwa finansman, yo pral siveye efò y ap fè pou pwomouvwa lojman ekitab sa yo. Gen lòt aktivite ki gendwa elijib, epi aplikan an dwe kontakte DEO pou yo detèmine elijiblite yo.
9. **Fè yon Lis Bezwèn ki pa Satisfè yo.** Lè w pran dega dirèk yo dekri yo, repons patisipasyon sitwayen yo, ak evalyasyon lojman an ak pwomosyon lojman ekitab nan fason favorab la an konsiderasyon, bay yon lis (ranje yo nan lòd priyore) ki gen tout bezwen ki gen rapò ak katastwòf la ki toujou poko satisfè.

Itilize siy + la pou w ajoute yon liy pou w ka mete bezwen ki pa satisfè yo apa.

10. **Planifikasyon Alontèm.** Aplikan yo dwe devlope pwojè rekiperasyon kominotè yo a nan yon fason ki konsidere yon apwòch entegre ki gen ladan lojman, obligasyon lojman ekitab yo, enfrastrikti, revitalizasyon ekonomik, ak rekiperasyon kominote a an jeneral. Aplikan yo dwe idantifye fason chak pwojè ap abòde bezwen lojman ki pa satisfè yo ak fason revitalizasyon ekonomik oswa aktivite enfrastrikti yo pral kontribiye nan rekiperasyon ak restorasyon lojman alontèm nan zòn ki te plis afekte ak zòn ki plis an detrè yo. Montre fason pwojè a fè pati yon apwòch entegre pou rekiperasyon an.

Dekri plan rekiperasyon global kominote a ak fason pwojè a y ap trete nan aplikasyon sa a pral vanse plan sa a. Mete enfòmasyon konsènan fason pwojè a pral espesifikman abòde rekiperasyon ak restorasyon lojman alontèm nan zòn ki te plis afekte ak zòn ki plis an detrè yo. Mete ladan fason kominote a pral pi rezistan kont katastwòf alavni gras a pwojè sa yo.

Men yon modèl repons lan ki annapre la:

"Yo te chwazi Pwojè Kominote Johnson Bayou a nan konsiderasyon pou lojman, ak rekiperasyon global kominote a. Kominote a te sibi anpil domaj pandan inondasyon ak tanpèt ane 2016 la yo, sa ki te lakoz gwo devastasyon nan lojman nan katye toupre yo ki gen revni fèb ak modere nan Little Chenier nan Konte Cameron. Plan Atenyasyon Danje Rejyonal la mete yon objektif priyorité pou idantifye ak reyalize pwojè lojman k ap redui enpak evènman danje yo epi redui baz elevasyon inondasyon yo. Plan Global Kominote Johnson Bayou genyen pou ane 2025 lan rekòmande pou yo fè amelyorasyon pou ede nan kad atenyasyon k ap fèt anndan ak ozalantou Little Chenier yo. Konstriksyon pwojè sa a pral:

- (1) reparé dega yo te sibi pandan inondasyon ak tanpèt ane 2016 la yo;
- (2) lè yo ogmante baz elevasyon inondasyon yo epi ajoute yon pye nan fran-bò a, sa pral redui pri asirans inondasyon pou pwopriyetè kay yo an echanj; epi

(3) pwoteje envestisman fon adisyonèl pou rekiperasyon aprè katastwòf yo nan kad reyabilitasyon ak rekonstriksyon kay ki nan katye yo bezwen pou sipòte mendèv nesesè pou reyouvri biznis yo epi atire nouvo biznis."

11. Enfòmasyon sou Acha. Si yo itilize fon CDBG-DR yo pou peye yon vandè tyès pati, tout aplikan yo dwe konfòm a direktiv ki tabli daprè 2 CFR §200.318-§200.326, Direktiv sou Acha yo. Aplikan yo dwe bay yon kopi politik ak pwoesi acha lokal yo ansanm ak aplikasyon an.

Tanpri bay yon repons pou chak kesyon. Y ap konsidere nenpòt kesyon yo pa reponn kòm enkonplè epi gen chans pou sa lakoz yo voye yon avi ensifizans bay aplikan an.

ADMINISTRASYON- Èske aplikan an gen entansyon itilize yon vandè tyès pati pou administre pwojè li pwopoze yo?

Si repons lan se "Non", kontinye nan pwochèn kesyon an.

Si repons lan se "Wi", epi yo te sekirize vandè a deja, bay non, nimewo telefòn, ak imèl vandè a.

Si "Wi", men yo poko sekirize vandè a, respekte règleman 2 CFR 200.318-200.326 pandan pwosesis acha a. Nan plizyè ka, sosyete ki gen kapasite pou yo administre yon kontra yo gen konpetans, egzijans, ak kapasite pou yo ofri sèvis anvirònmantal yo tou.

Si yo te deja sekirize yon vandè ki pral ofri sèvis anviwònmantal yo tou, note sa nan aplikasyon an.

ANVIWÒNMANTAL- Èske aplikan an gen entansyon itilize yon vandè tyès pati pou administre pwojè li

pwopoze yo? Si repons lan se "Non", kontinye nan pwochèn kesyon an.

Si repons lan se "Wi", epi yo te sekirize vandè a deja, bay non, nimewo telefòn, ak imèl vandè a.

Si "Wi", men yo poko sekirize vandè a, respekte règleman 2 CFR 200.318-200.326 pandan pwosesis acha a. ENJENIRI- Èske aplikan an gen entansyon itilize yon vandè tyès pati pou administre pwojè li pwopoze yo?

Si repons lan se "Non", kontinye nan pwochèn kesyon an.

Si repons lan se "Wi", epi yo te sekirize vandè a deja, bay non, nimewo telefòn, ak imèl vandè a.

Si "Wi", men yo poko sekirize vandè a, respekte règleman 2 CFR 200.318-200.326 pandan pwosesis acha a.

12. Asistans pou Demenajman Inifòm. - Aplikan yo dwe konfòm a Asistans pou Demenajman Inifòm lan ak Lwa sou Politik Acha Pwopriyete Imobiliye Ane 1970 la (URA), 42 USC 4601 – 4655, 49 CFR pati 24, 24 CFR pati 42, ak 24 CFR 570.606. Si pwojè w la konsène demenajman yon lokatè, lokatè a pral kalifye pou asistans daprè direktiv URA a yo. Tanpri reponn chak kesyon. Si repons lan se wi, tanpri eksplike epi mete enfòmasyon an anndan bwat la. Yo konsevwa bwat la pou pèmèt ou mete mezi enfòmasyon w bezwen mete.

13. Rezime Pwojè a. Ou dwe konplete rezime ak detay pwojè a pou pwojè yo pwopoze a.

Bay yon repons pou chak kesyon. Y ap konsidere nenpòt kesyon yo pa reponn kòm enkonplè epi gen chans pou sa lakozi yo voye yon avi ensifizans bay aplikan an.

Yo dwe dokimante prèv enpak gwo katastwòf yo te deklare an 2017 la (DR-4337) pou tout aktivite yo pwopoze nan aplikasyon sa a. Yo dwe itilize fon CDBG-DR yo pou depans ki gen rapò ak katastwòf yo nan zòn ki pi afekte ak zòn ki pi an detrèz yo. Yon aktivite ki ankou avan deklarasyon katastwòf Prezidansyèl la pap kalifye amwenske katastwòf la te afekte pwojè a.

Yo defini yon *pwojè* kòm yon melanj diskrè ant antite a (sa vle di vil la, oswa konte a) popilasyon benefisyè a, ak objektif nasyonal la. Yo defini yon *sit* kòm yon lokalite diskrè pou aktivite y ap fè nan kad pwojè a yo. Yon pwojè ka gen plis pase yon sit.

Chak Rezime Pwojè dwe bay ase enfòmasyon pou yo klèman idantifye pwojè yo pwopoze a, defini lokalite a, klèman dekri anplè pwojè a, presize popilasyon ki pral resevwa avantaj pwojè a, idantifye enfòmasyon evalyasyon anviwònmantal la, epi defini gran pwen detay finansman an pou gen ladan fon ki pa CDBG-DR y ap itilize yo.

Chwazi Tip Pwojè yo Pwopoze a pami opsyon ki nan Lis Dewoulan ki Disponib nan

Aplikasyon an. Bay pwojè a yon tit.

Bay adrès fizik ak kowòdone GPS apwoksimativ (nan degré desimal) pou chak sit yo pwopoze ansanm ak Kat Jewografik Pwojè a (yo) ak Kat Jewografik Benefisyè (yo). Si pwojè yo pwopoze a gen yon sit, mete adrès fizik ak Latitud ak Lonjitud (nan degré desimal) pou sit la. Si pwojè yo pwopoze a pa gen yon adrès fizik, bay deskripsyon sit la (pa egzanp, Smith Ridge). Si pwojè yo pwopoze a gen plis pase yon sit, kòmanse ak Sit #1 pami opsyon ki nan lis dewoulan an epi itilize siy = la pou w ajoute plis sit. Itilize X la pou w retire yon sit jan sa nesesè.

Pou chak pwojè, idantifye fason yo pral reyalize pwojè yo pwopoze a lè w chwazi youn nan fòmilè ki annapre yo pami opsyon ki nan meni dewoulan yo bay la. Pou lòt aktivite yo, aplikan an gendwa bay yon narasyon deskriptiv nan espas ki koresponn lan.

KAT JEWOGRAFIK PWOJÈ/SIT LA (YO)- Yo dwe bay yon kat jewografik pou chak pwojè ak/oswa sit yo pwopoze nan aplikasyon sa a ki make Kowòdone GPS yo byen klè epi mete nimewo pwojè/sit yo avèk nenpòt lòt enfòmasyon nesesè ki ka idantifye yo. Kat jewografik yo dwe gen tit ak/oswa nimewote yo avèk tit pwojè koresponn ak yo a.

KAT JEWOGRAFIK BENEFISYÈ PWOJÈ (YO)- Tout aplikasyon yo dwe gen yon kat jewografik pou pwojè a (yo). Zòn sible yo dwe itilize Done Rezime Zòn ki gen Revni Fèb ak Modere yo pou dokimante benefisyè yo epi yo dwe bay kat jewografik Done Rezime Zòn ki gen Revni Fèb ak Modere yo ki montre tout zòn jewografik resansman an yo byen klè anndan jiridiksyon aplikan an. Lokalite ak limit tout zòn sible pwojè a yo dwe make byen klè avèk karakteristik, tankou non ri yo, wout tren yo, ak ti rivyè yo byen klè.

Kat jewografik yo dwe montre limit vil, konte, ak/oswa zòn sèvis, lokalite kominote zòn sible yo oswa kominote yo anndan vil, konte, ak/oswa zòn sèvis, ak lokalite aktivite pwojè yo pwopoze a yo byen klè anndan zòn sible a.

Si yo detèmine benefisyè pwojè yo sou baz avantaj zòn lan, yo dwe montre limit zòn pwojè a oswa limit zòn sèvis yo byen klè sou kat jewografik la. Li obligatwa pou aplikan an itilize kat jewografik ki baze sou youn pami twa opsyon ki annapre yo:

- Kat jewografik Sistèm Enfòmasyon Jewografik la (Geographic Information System, GIS) ak/oswa Konsepsyon Konpitè Asiste oswa Elaborasyon Konpitè Asiste (Computer Aided Design or Computer Aided Drafting, AutoCAD). Yo dwe soumèt dosye elektwonik kat jewografik yo pwodui atravè GIS oswa AutoCAD yo ansanm avèk aplikasyon an;

GUIDE POU APLIKASYON SOU-BENEFISYÈ PWOGGRAM REYACHTE KAY VOLONTÈ A

- Biwo Resansman Etazini an pou kat jewografik ki baze antyèman sou vil yo oswa kote resansman deziyen yo (CDPs); oswa
- Yon lòt kat jewografik DEO te apwouve avan w te soumèt aplikasyon an.

Yo dwe ka li ak repwodui kat jewografik yo. Ou dwe pran prekosyon lè w ap kopye kat jewografik yo pou yo kapab idantifye aktivite pwojè yo deziyen ak mak koulè yo.

Ankò, toujou itilize pwojè ak sit idantifikasiyon kòrèk pou tout referans a yon sit patikilye ki sou kat jewografik yo, dokiman sipò a, ak nan aplikasyon an.

L ap obligtwa tou pou aplikan an mete kantite sit ki genyen pou chak pwojè nan yon lis nan seksyon Tablo 1 aplikasyon an. Yo pral bay enstriksyon pou Tablo 1 a pita nan Gid sa a.

14. **Objektif Nasional yo.** Chak pwojè yo pwopoze ki nan aplikasyon an pou konsiderasyon fon CDBG-DR yo dwe satisfè youn nan de objektif nasional Pwogram Reyachte Kay Volontè a. Depandaman de aktivite ak objektif nasional aktivite a te trete a, w ap jwenn gran pwen kritè pou satisfè yon objektif nasional annapre la. Zouti pou idantifye benefisyè aktivite CDBG-DR elijib yo ladan tou:

1. Ki prensipalman nan avantaj moun ki gen revni fèb ak modere yo.
 - a. Aktivite ki nan Avantaj Zòn lan yo.
 - b. Aktivite ki gen Avantaj Dirèk yo.

Metòd (yo) aplikan yo itilize pou idantifye benefisyè yon aktivite baze sou tip aktivite yo pwopoze a, ak moun ki kapab oswa ki pral aktyèlman benefisyè de aktivite yo pwopoze a. Anplwaye DEO yo pral revize benefisyè yo rapòte sou Tablo 1 aplikasyon an pou (1) presizyon, (2) akseptabilite metòd aplikan itilize pou l idantifye benefisyè yo pou chak aktivite pwojè yo pwopoze, ak (3) konfòmite ak kritè pou objektif nasional yo. Ankò, yo bay enfòmasyon ak enstriksyon konsènan Tablo 1 a nan Gid sa a.

Pou kalifye yon aktivite aplikasyon daprè objektif nasional k ap prensipalman nan avantaj moun ki gen revni fèb ak modere yo, omwen senkanteyen poustan (51%) benefisyè aktivite a yo dwe moun ki gen revni fèb ak modere.

Aplikan an gendwa itilize done Resansman yo pou yo detèmine avantaj zòn ki gen revni fèb ak modere yo. Lè yo satisfè egzijans CDBG-DR yo, aplikan an dwe itilize rezime done sou revni fèb ak modere aktyèl yo (LMISD) pou yo idantifye kantite benefisyè ak pòte avantaj yo ap gen sou moun ki gen revni fèb ak modere yo pou aktivite yon aplikan pwopoze yo.

Lè aktivite yon aplikan pral sèlman nan avantaj yon pòsyon Zòn Jewografik Resansman an (CGA). Aplikan dwe demontre ke yon bon valè moun nan CGA a (omwen 60 poustan moun yo) pral benefisyè de aktivite a. Pwogram CDBG-DR la p ap pèmèt yon aplikan itilize poustanaj revni fèb ak modere HUD kalkile a pou yon gwoup blòk amwenske omwen 60 poustan moun ki sitiye nan gwoup blòk sa a pral benefisyè de aktivite a.

Pwogram Rekonstwi Florid la pral sèlman pèmèt itilizasyon enfòmasyon ki baze sou Resansman pou yo kalifye yon aktivite ak pou yo dokimante benefisyè aktivite a yo daprè kondisyon ki annapre yo:

1. Aktivite pwojè a pral nan avantaj tout moun ki anndan limit yon CGA oswa yon bon valè moun (omwen 60% nan moun) ki anndan limit yon CGA. CGA gendwa yon konte, yon lokalite, yon sektè resansman, gwoup blòk, oswa yon nimewo anrejistreman lojik.
2. Si yo itilize enfòmasyon ki baze sou Resansman sèlman pou dokimante benefisyè LMI pou yon aktivite nan aplikasyon an, poustanaj revni fèb ak modere a dwe omwen 51 poustan (pa 50,99 poustan) pou yon sèl CGA, oswa pou yon melanj ki gen de CGA oswa plis.
3. Yo gendwa itilize enfòmasyon ki baze sou Resansman ansanm ak benefisyè ankèt CDBG-DR yo (dat finisman ankèt la pa dwe gen plis pase 5 an avan dat aplikasyon an), benefisyè ki gen revni elijib yo, ak kondisyon benefisyè elijib yo pou dokimante benefisyè LMI ki nan aktivite aplikasyon an. Ankò, aktivite a dwe nan avantaj omwen 51 poustan moun ki gen revni fèb ak modere yo.

AKTIVITE K AP PRENSIPALMAN NAN AVANTAJ MOUN KI GEN REVNI FÈB AK MODERE YO- Y ap konsidere yon aktivite kòm yon aktive k ap abòde objektif nasyonal k ap prensipalman nan avantaj moun ki gen revni fèb ak modere si li satisfè kritè aktivite ki nan avantaj zòn lan ak kritè aktivite kliyantè limite yo dekri la, amwenske gen evidans konsiderab ki montre ke aktivite a pa prensipalman nan avantaj moun ki gen revni fèb ak modere yo.

AKTIVITE KI NAN AVANTAJ ZÒN LAN YO- Se aktivite, ke avantaj yo ap disponib pou tout rezidan nan yon zòn, kote omwen 51 pousan nan rezidan yo se moun ki gen revni fèb ak modere. Yo dwe baze rezidan yo deklare kòm benefisyè nan zòn sible yo sou tout zòn aktivite a ap sèvi a nèt. Yon aktivite ki sèvi yon zòn ki pa prensipalman rezidansyèl nan karaktè pa dwe kalifye daprè kritè avantaj zòn lan.

15. **TABLO 1: BIDJÈ KONTRA A AK IDANTIFIKASYON BENEFISYÈ.** Tablo 1 an se yon rezime global bidjè ak done sou benefisyè global aplikasyon an.

Itilize Tit Pwojè a (yo) ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak pwojè a ke yo te prezante nan seksyon Detay Pwojè a (yo) nan aplikasyon an pou ranpli Tablo 1 an.

Bay enfòmasyon sou bidjè global la pou gen ladan Konstriksyon CDBG-DR (demo), Enjeniri CDBG-DR, Reyachte CDBG-DR, Anviwòmnmantal CDBG-DR, ak Depans Administrasyon CDBG-DR. Kantite total sa yo dwe egal a kantite yo te mande nan Aplikasyon pou Asistans Federal SF-424 (SF-424) obligatwa a.

Epitou mete tout lòt fon yo (FEMA, asirans, lokal, elatriye) yo angaje pou fini pwojè yo pwopoze yo.

TIT PWOJÈ A (YO)- Itilize tit pwojè a ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak pwojè a ke yo te prezante nan seksyon detay pwojè a (yo) nan aplikasyon an pou ranpli Tablo Bidjè a ak Metòd Idantifikasyon Benefisyè a (yo).

KOLÒN TOTAL BENEFISYÈ YO- Yo ka detèmine kantite benefisyè yo lè yo itilize enfòmasyon ki nan dosye LMISD a, itilizasyon enfòmasyon yo jwenn nan ankèt CDBG-RD apwouve, oswa baze sou enfòmasyon kliyantè limite CDBG-RD aksepte. Kèlkeswa metòd yo chwazi a, kolòn sa a dwe reflete tout moun ki pral jwi avantaj pwojè a yo, kèlkeswa nivo revni yo.

Rezime Total ki nan fen kolòn "Avantaj Total" la pral otomatikman adisyone benefisyè total yo pou tout pwojè yo.

KOLÒN BENEFISYÈ LMI YO (BENEFISYÈ LMI YO)- Nan kantite benefisyè total yo rapòte a, kolòn sa a dwe reflete sèlman moun ki gen revni pi ba pase 80 pousan renvi medyan fanmi lokal la (Moun ki gen Revni Fèb/Modere yo).

Rezime Total ki nan fen kolòn "Avantaj LMI" an pral otomatikman adisyone benefisyè total yo pou tout pwojè yo.

KOLÒN % LMI A (POUSANTAJ BENEFISYÈ KI GEN REVNI FÈB AK MODERE YO)- Espas sa a ap otomatikman kalkile pousantaj revni fèb ak modere a lè yo divize kantite Benefisyè LMI yo pa kantite Benefisyè Total yo pou chak pwojè. Kantite sa dwe depase 51 pousan pou yo konsidere l elijib nan kad objektif nasyonal LMI an.

Rezime Total ki nan fen kolòn "% LMI" an pral otomatikman kalkile pousantaj benefisyè LMI yo pou tout pwojè yo.

16. **Tablo 2: Jistifikasi Bidjè.** Li obligatwa pou ranpli Tablo 2 a pou tout pwojè lojman yo. Itilize Tit Pwojè a ak lòt enfòmasyon ki gen rapò ak pwojè a ki nan seksyon Detay Pwojè a (yo) nan aplikasyon an pou asire ke yo idantifye ak asosye chak Tablo 2 byen klè pou chak pwojè.

DESKRIPSYON AKTIVITE- Chwazi yon aktivite pou yon alokasyon espesifik pami opsyon ki nan lis dewoulan an.

DESKRIPSYON TRAVAY- Chwazi yon deskripsiyon pou yon travay espesifik pami opsyon ki nan lis dewoulan an.

TIP FINANSMAN AN- Tout finansman an dwe pou pwojè a sèlman.

EKSPLIKASYON- Eksplike an brèf fason yo pral itilize finansman an. (sa vle di demo, reyachte, administrasyon, elatriye).

BIDJÈ- Kantite finansman total yo bezwen pou alokasyon espesifik aktivite a.

17. **Kalandriye Pwojè a.** Yo dwe konplete pifò pwojè yo nan yon delè 24 mwa, yon fwa yo egzekite kontra ant aplikan an (sou-benefisyè) ak DEO. Si pwojè yo pwopoze a bezwen yon delè ki pi long pase 24 mwa, yo dwe bay jistifikasiyon pou sa.